# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के अध्यक्षता में आजु भइल कैबिनेट के बइठकी में जनहित से जुड़ल कई गो महत्वपूर्ण फैइसिला लिहल गइल। सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव बइठकी में के बाद कैबिनेट के फैसिलन क जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि मंत्रिमण्डल घरेलू उपभोक्ता लोगिन के सस्ता एलपीजी सिलिण्डर उपलब्ध करावे बदे तीस हजार करोड़ रूपिया के समर्थन के मंजूरी दिहले हौ। सथहीं प्रधानमंत्री उज्ज्वला योजना के उपभोक्ता लोगिन बदे बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस में लक्षित सब्सिडी के बारह हजार करोड़ रूपिया के रासि के साथे जारी रखलहू क फैसिला कइले हौ। उहां के बतवलीं कि कैबिनेट चारि हजार दुइ सौ करोड़ रूपिया क परिव्यय के साथे बहुविसयक सिक्षा अउर तकनीकी सिक्षा में अनुसंधान सुधार–एमईआरआईटीई योजना बदे बजटीय सहायता के मंजूरी दे दिहले हौ।

**********

रसायन अउर उर्वरक मंत्री जगत प्रकाश नड्डा कहले हवें कि सरकार उर्वरकन क तस्करी अउर जमाखोरी रोके बदे प्रतिबद्ध बाटे। लोकसभा में एगो सवाल के जबाब में आजु उहां के कहलीं कि सरकार उर्वरक क कालाबजारी, जमाखोरी अउर हेराफेरी पर नियमित रूप से कार्रवाई कइ रहलि हौ। उहां के अइसन मामिलन में प्रदेस सरकार के भूमिको क जिकिरि कइलीं।

**जहां तक लखीमपुर खिरी का सवाल है बॉर्डर डिस्ट्रिक है और यह प्रदेश की जिम्मेदारी है कि वह बॉर्डर डिस्ट्रिक पर होर्डिंग को रोके और स्मगलिंग को रोके और इसमें जो हमारा है वह एसेंशियल कमोडिटीज एक्ट का 1955 ये आता है और इसमें फर्टिलाइजर कंट्रोल ऑर्डर 1985 के तहत इसको रोकना और किसानों तक पहुंचाना इसकी जिम्मेदारी प्रदेश सरकार की है और स्टेट गवर्नमेंट को पूरी ताकत दी गई है कि वो स्मगलिंग को रोके।**

**********

गोरखपुर सहित प्रदेस क करीब सज्जो पूरबी जिलन में बादर छवले हौ अउर रूकि–रूकि के बरखा क सिलसिला जारी बा। कुछु जगहिनि पर बूंदाबांदी त कुछ जगहिनि पर हल्लुकाहे बरखा रेकॉर्ड कइल गइल हौ। बरखा के नाते तापमान में गिरावट दरज कइल गइल हौ अउर लोगिन के उमस भरल गरमी से राहति मिलल बा। कई जगहिनि पर जल–भराव के नाते जन–जीवनो परभावित भइल हौ। मौसम विभाग आवे वाला तीनि–चारि दिन ले प्रदेस के जियादेतर इलाकन में रूकि–रूकि के बरखा क सिलसिला जारी रहले क पूर्वानुमान जतवले हौ। ओहर लगतारे हो रहल बरखा अउर कई गो बैराजन से पानी छोड़इले के नाते प्रदेस के कई जिलन में नदियन क जलस्तर खतरा के चीन्हा से उप्पर चलि गइल हौ। हलांकि बनारस के सथहीं कई जिलन में गंगा नदी के जलस्तर में आजु भिन्नहियें से गिरावट दरज कइल जा रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

***वाराणसी, गाजीपुर, बलिया, मिर्जापुर और प्रयागराज में गंगा नदी का जलस्तर खतरे के निशान से ऊपर है। हलांकि उसके जलस्तर में आज सुबह से पांच सेंटीमीटर प्रति घंटे की रफ्तार से गिरावट दर्ज की जा रही है। जौनपुर में गोमती नदी खतरे के निशान के करीब पहुंच गयी है। गोमती के जलस्तर में वहां बढ़ोत्तरी हो रही है। अयोध्या में सरयू नदी खतरे के निशान से ऊपर बह रही है। बाढ़ की आशंका को देखते हुए तटवर्ती सभी जिलों में बाढ़ चौकियां स्थापित की गयी हैं और लोगों के बचाव के लिये एनडीआरएफ और एसडीआरएफ की टीम लगायी गयी है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

आजु काकोरी ट्रेन एक्शन शताब्दी महोत्सव के समापन समारोह पर प्रदेस भर में कई गो आयोजन कइल जा रहल बाटे। येही क्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के काकोरी सहीद स्मारक पर आजु आयोजित समारोह में हिस्सा लिहलें अउर वीर बलिदानियन के सरधांजलि दिहलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में उहां के कहलीं कि काकोरी ट्रेन एक्शन शताब्दी समारोह हमनी के येह समय के पीढ़ी बदे एगो नया प्रेरणा हौ। उहां के अपीलि कइलीं कि येह मौका पर सज्जो लोगि संकलप लें कि देस भक्ति क ज्वार जन–जन के हृदय में प्रतिस्थित हाखे।

कुशीनगर जिला के राजकीय बौद्ध संग्रहालय में येह मौका पर संगोस्ठी अउर छायाचित्र परदरसनी क आयोजन कइल गइल। ओहीं, जौनपुर में येह मौका पर आयोजित समारोह में जिलाधिकारी दिनेश चन्द्र सिंह हिस्सा लिहलें। ओइजा काकोरी ट्रेन एक्शन क महातम के बारे में सज्जो वक्ता लोगिन के ओरि से चरचा कइल गइल।

**********

प्रदेस के नगर परिवहन अउर परिवहन निगम के बसन में महिला लोगिन खातिर आजु भिन्नहीं छौ बजे से एगो सहजोगी के साथे फ्री में जतरा क सुविधा लागू हो गइल बाटे। रक्षाबंधन के उपलक्ष्य में प्रदेस सरकार की ओरि से ई व्यवस्था दस अगस्त के राति बारह बजे ले जारी रही।

**********